

# Sa fanmi timoun preskolè ki gen bezwen espesyal yo dwe konnen konsènan pwogram patisipasyon volontè nan jadendanfan pou ete a (VPK)



Ane 2006 la reprezante premye ane kote yo pral opere pwogram patisipasyon volontè nan jadendanfan pou sezon ete a (VPK). Nou ekri feyè sa a pou kapab founi enfòmasyon sou pwogram VPK pandan ete a ak pou eksplike ou kisa ou menm, antanke fanmi yon timoun ki gen bezwen espesyal, kapab atann.

Men kèk bagay enpòtan ou ta dwe konnen konsènan pwogram VPK pandan ete a.

- Pitit ou kalifye pou patisipe nan pwogram VPK pandan ete a si ou abite kòm rezidan nan Florid; si pitit ou gen 4 an laj a pati 1<sup>mye</sup> septanm 2005; ak si pitit ou pa t fè pati pwogram VPK a pandan ane eskolè a.
- Se distri lekòl nan lokalite w la ki dwe ap ofri pwogram VPK a, men sa pa vle di nesèsman pwogram nan ap disponib nan tout lekòl primè elemantè yo.
- Se posib gen dwa gen kèk etablisman preskolè prive k ap ofri nan zòn kote ou rete a.
- Pwogram VPK pandan ete a ap dire 300 èdtan. Se distri lekòl yo ak lekòl prive k ap ofri pwogram nan kominote ou a ki pral deside ki dat y ap kòmanse pwogram nan, ki dat y ap fini li, ak konbyen tan jounen lekòl yo pral dire.
- Pwofesè nan pwogram VPK pandan ete a se pral pwofesè ki sètifye oswa ki gen yon diplòm lisans inivèsitè nan yon branch ki apwouve pou sa.
- Ap gen yon pwofesè obligatwa pou chak 10 timoun. Klas yo kapab òganize yon fason pou yon sal klas gen 2 pwofesè pou 20 timoun.



Pwogram VPK pandan ete a pral yon pwogram devlopman apwopriye ki baze sou prensip fondamantal Edikasyon VPK yo. Prensip sa yo founi metòd sou fason enstriksyon ak atmosfè ki egziste nan sal klas yo kapab ankouraje timoun aprann. Pwen esansyèl ansèyman pwogram nan ap chita nan domèn sa yo:

- Sante Fizik
- Metòd aprantisaj
- Devlopman sosyal ak emosyonèl
- Langaj ak komikasyon
- Devlopman alfabetizasyon
- Devlopman entelijans ak konesans jeneral
- Kowòdinasyon mouvman men ak zye

■ Ni distri lekòl, ni etablisman preskolè prive k ap ofri pwogram VPK pandan ete a ap gen règleman konsènan prezans ak disiplin nan klas.

■ Pa gen okenn obligasyon pou distri lekòl ak etablisman preskolè prive k ap ofri pwogram VPK a founi transpòtasyon pou timoun yo. Fanmi yo dwe konnen davans se yo menm k ap responsab transpò pitit yo.

■ Pwogram VPK a pa ni edikasyon espesyal ni li pa gen yon plan ansèyman espesyal ki adapte oswa ki bay lòt kalite sèvis apwopriye. Si pitit ou genyen yon Plan edikasyonèl endividyèl (IEP) pandan ane eskolè a, sèvis sa yo p ap fè pati pwogram VPK pandan ete a.

■ Si pitit ou gen yon IEP oswa lòt bezwen espesyal, distri lekòl la ap mete pwogram sa a disponib pou pitit ou a. Paegzanp, dwe gen ranp disponib pou timoun ki sou chèz woulant, dwe gen materyèl enprime an gwo karaktè oubyen lòt materyèl espesyal ki dwe disponib pou timoun ki gen enfimite vizyèl, oubyen ankò, dwe gen lòt sipò espesyal ki mansyone nan lis yon plan sante espesyal pou sa.

■ Si pitit ou gen yon seri bezwen espesyal, tanpri fè sèten ou bay enfòmasyon sa a lè w ap enskri pou antre nan pwogram VPK pandan ete a.

■ Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram VPK pandan ete a si w kontakte distri lekòl nan zòn kote ou rete a oswa *Early Learning Coalition*, kowalisyon pou premye moman aprantisaj timoun ki nan reivon kote ou abite a.

■ Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte *Early Learning Coalition* nan rejyon kote ou abite a, nan <http://www.floridajobs.org/VPK/index.html>.

